



Konsantman ak Avi Enfòmè sou Depistaj, Evalyasyon, Egzamen ak Revizyon Segondè

Non Timoun: _____ Dat Nesans: _____

Depistaj – Early Steps (Etap Bonè) gen dwa fè yon depistaj sou devlopman aktyèl pitit ou detèmine si evalyasyon ak egzamen pi entansif nesèsè. Yon depistaj se yon pwosedi brèf ki gen dwa gade kèk oswa tout zòn annapre yo pou detèmine si gen yon reta nan devlopman. Tande, vizyon, kominikasyon (pawòl ak langaj), fizik (mouvman yo ki sèvi avèk misk gwo ak piti yo), sante/medikal, entelijans, sosyal/emosyonèl, èd-endepandan (adpatif), konpòtman, ak lòt zòn yo. Si pitit ou elijib pou Early Steps, enfòmasyon sou depistaj pral itil pou ekip Individualized Family Support Plan (IFSP) li tou. **Ou gen dwa fè demann pou yon evalyasyon pou pitit ou pandan nenpòt ki lè pandan pwosesis depistaj inisyal la.**

Evalyasyon/Egzamen– Anvan nou kapab founi sèvis yo bay pitit ou, nou dwe fè yon evalyasyon ak yon egzamen pou detèmine elijiblite epi pou planifye sèvis yo ki pral sèvi bezwen li yo. Yon evalyasyon ak/oswa egzamen pral fèt pa yon ekip ki konsiste nan ou menm ak omwen de pwofesyonèl yo. Kalite evalyasyon espesifik yo pral chwazi avèk anpil atansyon ki baze sou laj, nivo devlopman ak bezwen pitit ou yo. Ou pral mande pou founi enfòmasyon sou fanmi w ak bezwen li pou sèvis yo ak sipò. Evalyasyon ak egzamen an gen dwa gade zòn annapre yo: Tande, vizyon, kominikasyon/pawòl/langaj, sikolojik, fizik/sante/medikal, devlopman, sosyal ak emosyonèl, èd-endepandan (adpatif), konpòtman, fanmi ak lòt zòn yo. Epitou rezilta yo ki te soti nan evalyasyon ak egzamen ansyen yo gen dwa itilize. Si w pa founi konsantman pou evalyasyon ak/oswa egzamen an, **pitit ou pap pral kapab resevwa sèvis entèvansyon bonè yo.**

Depistaj, Evalyasyon, et Revizyon Segondè – Yon depistaj, evalyasyon et revizyon Segondè kap fèt pou identifye nivo devlopman pitit ou a ak fason lap fonksyone kounye-la oubyen sevis li bezwen pou ka detemine si li toujou gen yon nivo reta nan devlopman ki kalifye li pou Early Steps. Si yo rekòmande yon lot evalyasyon epi ou refuse bay konsantman ou, **lè sa-a pitit ou a pap kalifye pou pwogram Early Steps la enko ni recevwa sevis entevansyon.**

Aksyon annapre a ki tcheke rekòmande pou pitit ou:

- Depistaj
- Evalyasyon
- Egzamen

Yon kopi sou dwa dapre Individuals with Disabilities Education Act (IDEA) te founi avèk fòm sa a epi te eksplike ba mwen.

- Mwen bay otorizasyon mwen pou demach la (yo) ki rekòmande anwo a.
- Mwen pa bay otorizasyon mwen pou demach la (yo) ki rekòmande anwo a.

Siyati Paran oswa Gadyen Legal

Temwen

Ekri Non avèk Lèt Majiskil

Ekri Non avèk Lèt Majiskil

Dat

Dat